

PANGETRAPE METODHE TGT
TUMRAP KAWASISAN NULIS AKSARA MURDA LAN AKSARA SWARA
SISWA KLAS IX SMP LABORATORIUM UNESA

Siti Fatimah

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Fathim502@gmail.com

Abstrak

Pendhidhikan minangka punjere kualitas sawijining negara, amarga maju apa orane sawijining negara iku gumantung saka kualitas pendhidhikane. Mula peserta didik kudu luwih aktif sajrone proses piwulangan. Kanggo mujudake KD sajrone kurikulum KTSP yaiku “*Membaca dan menulis kalimat sederhana dengan aksara Jawa*” panliti nggunakake pangetrape metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* tumrap kawasiswa nulis aksara murda lan aksara swara kanggo inovasi piwulangan. Medhia *puzzle* yaiku medhia piwulangan kang awujud tugelan-tugelan gambar.

Underan panliten iki, yaiku : (1) kepriye asil pasinaon nulis aksara murda lan aksara swara ing klas kontrol, (2) kepriye asil pasinaon nulis aksara murda lan aksara swara ing klas eksperimen, lan (3) kepriye efektivitas panganggone metodhe TGT tumrap asil pasinaon nulis aksara murda lan aksara swara. Tujuwan panliten yaiku ngandharake asil pasinaon ing klas kang tanpa nggunakake metodhe kanthi medhia *puzzle* lan kelas kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle*, lan ngandharake pangaribawane metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle*. Panliten iki nduweni paedah supaya bisa didadekake referensi kanggo inovasi piwulangan, bisa ngundhakake kawasiswa nulis aksara Murda siswa, lan minangka referensi piwulangan kang migunani.

Konsep panliten iki yaiku metodhe TGT (*Team Game Turnamen*), medhia *puzzle*, nulis, lan aksara Jawa. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe eksperimen kanthi desain *Quasi Experimental* kanthi modhel *nonequivalent Kontrol Group*. Klas kang digunakake yaiku klas kontrol (IXB), lan klas eksperimen (IXA). Teknik kang dienggo yaiku tes lan angket, dene instrumen kang digunakake yaiku RPP, lembar soal, lan lembar angket. Analisis dhata nggunakake uji t-signifikansi.

Adhedhasar dhata ing pretelan asiling panliten, bisa didudut yen ora ana pambeda kang signifikan antarane pre-test lan post-test ing klas kontrol, kabuki saka asil panliten 1 lan panliten 2 yaiku 1,800 lan 0,138. Asil piwulangan klas eksperimen nuwuhake asil kang signifikan yaiku 7,456 lan 6,666 saka t_{tabel} 1,717. Asil tes signifikansi nuduhake asil 4,566 ing panliten 1 lan 2,250 ing panliten 2 saka t_{tabel} 2,012, ateges ana pambeda kang singnifikan antarane klas kontrol lan klas eksperimen kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle*. Saengga, bisa ditegesi yen H_0 ditolak lan H_i ditrima.

Tembung wigati: metodhe TGT, medhia *puzzle*, aksara murda, lan aksara swara.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Pendhidhikan minangka punjere kualitas sawijining negara, amarga maju apa orane sawijining

negara iku gumantung saka kualitas pendhidhikane. Sadiman (20010:11) ngandharake piwulangan minangka upaya kang sengaja dilakokake dening para pendhidhik utamane guru kanggo menehi kawruh, ngelompokake, lan nyiptakake sawijining sistem kang bisa nuwuhake kahanan kang

nengsemake tumrap siswa saengga bisa kawujud piwulangan kang *efektif* lan *efisien* sarta ngasilake asil kang optimal, dene proses piwulangan minangka proses komunikasi kang njlentrehake sawijine bab tartamtu kanthi verbal utawa nonverbal. Proses komunikasi kang ditindakake ora kabeh nuwuhake asil kang optimal. Ora kasile piwulangan karana siswa ora bisa ngerteni apa kang dirungokake, diwaca, dideleng, lan dijingglensi. Saliyane kuwi, ora kasile piwulangan amarga kawruh kang diwenehake kurang narik kawigatene siswa, mula dibutuhake pendhidhik kang bisa nuwuhake swasana kang nengsemake sasajrone proses piwulangan. Salah sawijine upaya kanggo ngowahi kualitas pendhidhikan utawa asil sinaune siswa yaiku anane guru kang mumpuni (*berkualitas*). Guru minangka fasilitator nduwensi kalungguhan kang wigati ing babagan pendhidhikan khususe ana ing njero kelas. Kawasisane guru nguwasani kelas uga nduwensi daya kang kuwat kanggo nemtokake prestasine siswa.

Ing piwulangan basa Jawa aspek ketrampilan uga diperang dadi pang aspek kayadene piwulangan basa liyane yaiku katrampilan nyemak, maca, nulis, lan micara. Kawasisan nulis aksara Jawa minangka sawijine Kompetensi Dasar sasajrone Kurikulum KTSP yaiku “*Membaca dan menulis kalimat sederhana dengan aksara Jawa*”. Nulis nganggo aksara Jawa minangka kawasisan kang kudu dikuwasani dening siswa kanggo nyukupi standar KKM Basa Jawa minangka salah sawijining mata pelajaran kang kurang digatekake dening siswa, aksara carakan kang kadhapuk saka 20 huruf (*ha, na, ca, ra, ka, da, ta, sa, wa, la, pa, dha, ja, ya, nya, ma, ga, ba, tha, nga*, iki wae ora bisa diapalake lan ditulis kanthi pener karo siswa. Siswa SMP Lab. Surabaya minangka tuladhane, siswa ing SMP Lab Surabaya isih kangelan anggone cecaturan nganggo basa Jawa, kepara malah ora ngerti apa kang dikandhakake dening guru kang mulang basa Jawa kanthi nggunakake basa Jawa. Semono uga ing babagan nulis kanthi aksara Jawa kang ngemot aksara Murda lan aksara Swara, para siswane durung lancar anggone nulis nganggo aksara Jawa kang ngemot aksara Murda lan aksara Swara. Mula saka kuwi, guru kudu dituntut dadi guru kang *inovatif*, kudu nduwensi kreasi ing piwulangane supaya para siswa ora bosen sasajrone nyinaoni basa Jawa. *Inovasi* sajrone pasinaon iku ing antarane, yaiku nganggo pangetrapan metodhe utawa medhia ing pamulangane.

Metodhe piwulangan kooperatif minangka metodhe piwulangan kang diajab bisa menehi pambiyantu kanggo ngundhakake kawasisan nulis

paragraf kanthi aksara Jawa kang ngemot aksara murda lan aksara angka. Slavin (2005:10) ngandharake, metodhe piwulangan kooperatif minangka metodhe piwulangan kang nengenake aspek gotong-royong antarane siswa sasajrone proses piwulangan. Metodhe TGT (*Turnamen Game Team*) minangka perangan saka metodhe piwulangan kooperatif kang diajab bisa ngundakake kawasisan nulis nganggo aksara Jawa, khususe kawasisan nulis aksara murda lan aksara swara siswa SMP Laboratorium Unesa. Metodhe TGT minangka nengenake kerjasama antar siswa utamane ing turnamen utawa lomba kang ditindakake dening klompok-klompok ing kelas kang dibimbing karo guru. Sawijine klompok makarya bebarengan ing lomba. Kanthi metodhe iki, diajab siswa bisa luwi semangat anggone sinau, amarga dhuwur orane skor kango diolehi dening siswa gumantung saka akehe nilai kang dikumpulake kelompoke. Metodhe iki uga disengkuyung kanthi medhia *puzzle*. *Puzzle* minangka bab kang wis ora asing maneh tumrap siswa, mula medhia iki dipilih amarga siswa mesti bisa dolanan nganggo *puzzle*. Panliten diajab bisa ngundakake kawasisan nulis nganggo aksara Jawa kang ngemot aksara Murda lan aksara Swara siswa kelas IX SMP Laboratorium Unesa. Asil pasinaon saka kelas kontrol lan kelas eksperimen bakal dibandhingake supaya bisa dimangertenip sepiro gedhene dayane metodhe TGT iki tumrap kawasisan nulis aksara Jawa kang ngemot aksara Murda lan aksara Swara siswa kelas IX SMP Laboratorium Unesa.

Underaning Panliten

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten bakal nyusun underane panliten kang kaya mangkene :

- 1) Kepriye asil pasinaon nulis aksara Murda lan aksara Swara tanpa nggunakake metodhe TGT siswa kelas IX SMP Lab. Unesa Surabaya?
- 2) Kepriye asil pasinaon nulis aksara Murda lan aksara Swara sawise nggunakake metodhe TGT siswa kelas IX SMP Lab. Unesa Surabaya?
- 3) Kepriye efektivitas panganggone metodhe TGT tumrap asil pasinaon nulis aksara Murda lan aksara Swara tumrap siswa kelas IX SMP Laboratorium Unesa Taun Ajaran 2014/2015?

Tujuwaning Panliten

Ancas saka panliten iki yaiku :

- 1) Ngandharake asil pasinaon nulis aksara Murda lan aksara Swara tanpa nggunakake metodhe

TGT (*Team Game Turnamen*) siswa kelas IX SMP Lab. Unesa Surabaya.

- 2) Ngandharake asil pasinaon nulis aksara Murda lan aksara Swara kanthi nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) siswa kelas IX SMP Lab. Unesa Surabaya.
- 3) Ngandharake efektivitas panganggone metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) sajrone piwulangan nulis aksara Murda lan aksara Swara tumrap siswa kelas IX SMP Lab. Unesa.

Hipotesis

Hipotesis yaiku sawijining jawaban kang asipat sauntara tumrap prakara panliten, nganti bisa dibuktikake lumantar dhata kang dikumpulake (Arikunto, 2010:71).

Rumusan hipotesis sasajrone panliten iki yaiku:

- H_0 : Ora ana pambda kang *signifikan* antarane asil tes kelas kontrol lan tes kelas eksperimen kang nggunakake pangetrape metodhe TGT ing kawasisan nulis aksara Murda lan aksara Swara siswa kelas IX SMP Lab. Unesa Surabaya.
- H_1 : Ana pambda kang *signifikan* antarane asil tes kelas kontrol lan tes kelas eksperimen kang nggunakake pangetrape metodhe TGT ing kawasisan nulis aksara Murda lan aksara Swara siswa kelas IX SMP Lab. Unesa Surabaya.

Paedahing Panliten

Panliten iki diajab bisa didadekake referensi kanggo inovasi pasinaon, saengga proses pasinaon bisa luwih regeng lan nyenengake. Kanggo siswa, metodhe TGT kanthi medhia *puzzle* iki bisa ngundhakake kuwalitas utawa kawasisan nulis nganggo aksara Murda lan aksara Swara siswa lan prestasi ing pamulangan basa Jawa. Kanggo sekolah, metodhe TGT iki bisa mbiyantu ngrampungake prakara ing kegiyatan pasinaon ing babagan nulis nganggo aksara Jawa lan uga kanggo referensi pasinaon kang migunani.

Wewatesaning Tetembungan

Wewatesan tetembungan ing kene yaiku :

1. Metodhe TGT : metodhe piwulangan kang nengenake aspek gotongroyong karo kanca kelompoke ing sasajrone turnamen supaya oleh tambahan poin kanggo kelompoke(Slavin, 2005:103).
2. Medhia *puzzle* : piranti kang nyengkuyung proses pasinaon kang awujud tugelan-tugelan gambar kang isine huruf-huruf aksara Jawa kang

mengko bakal disusun dadi sawijine tembung utawa ukara.

3. Kawasisan : asale saka tembung wasis kang tegese pinter, saengga kawasisan nduweni teges kapinteran/*kemampuan*.
4. Nulis : sawijine kegiyatan komunikasi kang ngasilake sawenehing tulisan kang dintindakake kanthi ekspresif kanthi ancas menehi informasi (Dalman, 2014: 3-4).
5. Aksara Jawa yaiku wujud tulisan saka kabudayan Jawa, cacahe huruf ana 20 kang diarani aksara carakan.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Metodhe Piwulangan

Metodhe piwulangan yaiku sawijine cara utawa upaya kang ditindakake dening para pendhidhik supaya proses belajar-mengajar bisa selaras karo ancase. Metode piwulangan minangka perangan kang wigati sasajrone kegiyatan belajar-mengajar supaya katon nengsemake lan ora njalari siswa kasebut bosen, lan uga njalari para siswa gampang anggone nangkep kawruh. Metodhe piwulangan miturut Sudjana (1996:76) yaiku cara kang digunakake guru sasajrone ngenekake sesambungan antarane siswa lan guru nalika proses piwulangan lumaku. Soetopo (2002:148) ngandharake menawa metode piwulangan kang digunakake ing kegiyatan belajar-mengajar antarane yaiku, metodhe ceramah, metodhe tanya jawab, metodhe diskusi, metodhe resitasi, metdhe demonstrasi, metodhe eksperimen lan metodhe simulasi. Saliyane metodhe-metodhe ing ndhuwur kuwi, Sudarwan Danim (2008:36) nambahi metodhe-metodhe kang wis ana karo metodhe latihan inkuiri, metodhe karyawisata, metodhe seminar lan liya-liyane.

Metodhe Piwulangan Kooperatif Tipe TGT

Metodhe piwulangan kooperatif yaiku wujud proses pasinaon kanthi cara siswa sinau lan kerja sasajrone kelompok-kelompok cilik kanthi *kolabratif* kang anggotane kadhapuk saka papat sampekk enem bocah kang struktur kelompoke asipat *heterogen*. Piwulangan kooperatif padha karo kerja kelompok. Abdulhak (sasajrone Rusman, 2012:203) ngandharake menawa piwulangan kooperatif ditindakake lumantar *sharing* proses antarane para siswa, saengga bisa mujudake panemu kang padha ing antarane siswa kuwi dhewe. Piwulangan

kooperatif nduweni saperangan metodhe, salah sawijine yaiku metodhe TGT. Tipe piwulungan TGT (*Team Game Turnamen*) yaiku metodhe piwulungan kang mbentuk siswa ing saperangan kelompok-kelompok supaya bisa padha-padha menehi pitulungan kanggo mangerten materi lan ngayah tugas minangka sawijine kelompok lan digabungake karo kompetisi utawa lomba antar anggota kelompok kanti wujud dolanan.

Suyatno (2009:54), ngandharake tipe TGT minangka metodhe kang nduweni sesambungan karo STAD, yaiku siswa dolanan kanthi anggota-nggota tim liya kanggo ngumpulake tambahan nilai. Miturut Slavin (2005:103), tipe TGT padha karo STAD, bedane TGT nggunakake turnamen akademik, lan nggunakake kuis-kuis lan sistem skor utawa poin kemajuan indhividu, ing kene para siswa lomba minangka wakil saka kelompoke dhewe karo anggota kelompok liyane kang nduweni kawasian akademik padha. Deskripsi saka komponen-komponen TGT, yaiku :

- 1) Guru presentasi ing kelas
- 2) Nyusun kelompok-kelompok kang cacahe watara 4-6 anggota
- 3) Game, awujud saka pitakonan-pitakonan kang kontene relevan kang disusun kanggo ngukur kawasian siswa saka presentasi kang wis ditindakake guru lan kerja kelompok.
- 4) Turnamen, yaiku sawijine struktur nalika game lumaku. Biyasane ditindakake ing pungkasane piwulungan, sawise guru menehake presentasi materi lan tim utawa kelompok wis ngrampungake tugas kelompoke.
- 5) Rekognisi, yaiku ngitung skor kemajuan indhividu lan skor tim, lan menehi penghargaan marang tim kang skore ing ndhuwure rata-rata kriteria kang wis ditemtokake.

Medhia Pasianaon

Medhia yaiku samubarang kang bisa digunakake kanggo nyampekake pesan saka penyampai marang panrima, saengga bisa narik kawigaten siswa supaya proses pasinaon lumaku (Sadiman, 2010:6). Gagne (sasajrone Sadiman, 2010:6) ngandharake medhia yaiku samubarang jinis komponen ing lingkungan siswa kang bisa ngrangsang semangat sinaune. Medhia yaiku piranti kang dianggo minangka jalaran kanggo nyampekake materi pasinaon marang pelajar (Pringgawidagda, 2002:145). Bisa didudut yen medhia yaiku samubarang kang bisa digunakake kanggo nyampekake pesan utawa pawarta saka pangirim

marang panrima. Saliyane kuwi, medhia bisa nari kawigaten siswa saengga proses pasinaon bisa lumaku lan ora ana salah konsepsi sasajrone pamulangan.

Medhia minangka piranti kanggo ngampangake nyampekake pesen utawa pawarta marang siswa. Fungsi medhia ing kene yaiku kanggo narik kawigaten siswa kanggo sinau, supaya pamulangan ora mbosenake lan uga nduweni tujuwan utama kanggo ngundhakake kawasian siswa ing babagan nulis aksara Murda lan aksara Swara. Medhia kang dianggo ing pamulangan kudu mujudake medhia kang inovatif, supaya siswa seneng lan aweh kawigaten ing pasinaon. Mula, panliti ing panlitien iki bakal ngetrapake medhia dolanan *puzzle* ing pamulangane. Dolanan puzzle minangka salah sawijine dolanan edukatif kanggo siswa lan minangka dolanan kang apik kanggo nyengkuyung proses pasinaone siswa. Tembung *Puzzle* asale saka basa Inggris kang tegese teka-teki utawa bongkar pasang, medhia *puzzle* minangka medhia sederhana kang dimainake kanthi mbongkar lan masang. Miturut Yudha (sasajrone Alim, <http://ejournal.unesa.ac.id>), *puzzle* yaiku sawijine gambar kang dibagi dadi tugelan gambar kang cilik-cilik kang nduweni tujuan kanggo ngasah daya pikire siswa, nglatin kasabaran, lan mbiyasakake tulungtinulung.

Syukron (<http://syukronsahara.blogspot.com>) ngandharake *Puzzle* nduweni maneka werna jenis yaiku *spelling puzzle*, *jigsaw puzzle*, *the thing puzzle*, *the letter puzzle*, lan *crosswords puzzle*. Dene kang dipilih panliti yaiku *spelling puzzle*. *Spelling puzzle* yaiku *puzzle* kang kadapuk saka gambar-gambar lan huruf-huruf/aksara-aksara kang diacak banjur disusun dadi tembung kang bener. Medhia puzzle ing panlitien iki yaiku tembung-tembung kang ing sajrone ngandut aksara murda lan aksara Swara, banjur digambar ing atase medhia *puzzle* supaya siswa bisa nggathukake tembung kang wis ditulisake kanthi bener. Medhia *puzzle* iki diajab bisa nuwuhan kawigatene siswa kanggo sinau aksara Jawa, amarga medhia kang narik kawigaten biyasane bisa njalari semangat sinaune siswa.

Nulis

Nulis yaiku sawijining kagiyatan kanggo nyiptakake sawijining catetan utawa pawarta kanthi nggunakake aksara. Nulis biyasane ana ing kertas lan nganggo piranti-piranti nulis kayata petelot utawa pensil. Miturut Suhendar (1993 :142), nulis minangka ketrampilan bebas kang asipat produktip, ngasilake, menehi lan nyampekake pawarta, pikiran

lan pangrasane panulis marang pamaca. Basir (2011:29), sarujuk karo panemune Suhendar uga ngandharake nulis minangka sawijining proses ngolah lan medhar gagasan kanthi runtut, logis, lan nduweni teges, saengga bisa weneh daya imajinatif marang pamaca kanthi maksimal.

Dalman (2014:3-4) negesi nulis yaiku sawijine kegiyatan komunikasi awujud menehi pesen utawa pawarta kanthi cara tartulis marang pawongan kang diwenehi pawarta kanthi nggunakake basa tulis minangka piranti utawa medhiane. Dheweke uga nambahi yen nulis minangka sawijine proses kreatif nyuntakake panemu sasajrone wujud basa tulis kang nduweni ancas kanggo menehi pawarta, nguwatake panemu lan uga menehi hiburan. Miturut Suparno lan Yunus (sasajrone Dalman, 2014:4), nulis yaiku sawijining kagiyanan nyampekake pesan kanthi nggunakake basa tulis minangka pirantine. Dadi, bisa didudut menawa nulis yaiku sawijine kegiyatan manungsa kang nggunakake basa minangka saranane kanthi ancas menehi pawarta utawa myampekake pesen marang pamaca.

Hugo Hartig (sasajrone Basir, 2011:30) merang tujuwan nulis dadi pitu yaiku:

- 1) *Asinggment purose* yaiku nindakake nulis amarga anane printah.
- 2) *Altruistice purpose* yaiku nulis kanggo ngelipur pamaca, kepingin nulung lan nglipur pamaca supaya nduweni mental kang kuwat.
- 3) *Persuasive purpose* yaiku nulis supaya pamaca sarujuk marang apa kang ditulis..
- 4) *Informational purpose* yaiku tulisan kang ancuse menehi pawarta.
- 5) *Self-expressive purpose* yaiku nulis kanggo nepungake jati dhiri panulis marang pamaca. Isine kayata otobiografi utawa biografi.
- 6) *Creative purpose* yaiku nulis kang isine gegayutan karo tujuwan nepungake jati dhiri. Ancas saka tulisan iki yaiku narik kawigaten pamaca saengga pamaca bisa kesengsem marang tulisan.
- 7) *Problem-solving purpose* yaiku nulis kanggo ngudhari prakara.

Dene paedaehe nulis miturut Akhadiah (1986:11) yaiku 1) kanthi nulis, manungsa dipaksa nggoleki pawarta ngenani sawijining topic kang bakal nambahi kawruh panulis, 2) kanggo nulis ngenani samubarang, manungsa kepeksa kudu nyinaoni samubarang kang arep ditulis, 3) nulis ateges nyusun idhe-idhe kang runtut lan sistematis, lumantar kuwi manungsa bisa ngandharake samubarang kang isih samar dadi cetha, 4) kanthi nulis prakara ing kertas, manungsa luwih gampang

anggone mecahake, 5) tugas nulis nganani sawijining topik, meksa manungsa kanggo sinua kanthi aktip, 6) kagiyanan nulis kang direncanakake bakal mbiyasakake kanggo mikir lan ulah basa kanthi tertib.

Aksara Jawa

Aksara Jawa utawa Hanacaraka (uga diarani aksara Carakan) yaiku aksara turunan saka aksara Brahmi kang mujudake modifikasi saka aksara Kawi. Ing wujud asline, aksara Jawa Hanacaraka ditulis nggantung ing ngisor garis, kaya aksara Hindi, ananging ing piwulangan modern nulise ing ndhuwur. Nulis aksara Jawa mbuthuhake kawasian dhasar ngenani sistem tulisan Jawa. Abjad panulisan Jawa ing legendane ana gegayutan karo cerita Ajisaka kang kadapuk saka patang kelompok kang nduweni simpol sejarah anane aksara Jawa. Simbol kang kapisan *ha, na, ca, ra, ka*, yaiku nyeritakake menawa Ajisaka nduweni sawijine utusan; *da, ta, sa, wa, la*, yaiku nyeritakake utusan-utusan saka Ajisaka iki padha padu amarga kekarone rumangsa diwenehi amanat dening Ajisaka supaya njaga piranti kang dipasrahake karo Ajisaka; *pa, dha, ja, ya*, nya yaiku negesake yen kekarone kuwi mau nduwe kekuwatan kang padha gedhene; banjur simbol kang pungkasan *ma, ga, ba, tha, nga*, tegese padha dadi bathhang, amarga padha kuwate banjur kekarone paten-patenan.

Ing panliten iki, sistem aksara murda minangka materi kang arep diupayakake supaya bisa ditampa kanthi rasa seneng lan gembira. Basir (2011:166-167) ngandharake, tembung murda tegese karma inggil saka kepala. Teges filosofise, panulisan aksara murda nduweni tujuan kanggo pakurmatan mula ora kabeh tembung bisa ditulis nganggo aksara murda. Aksara Murda mung kanggo nulis jeneng, Negara, pangkat lan papan-papan kang wigati. Panulisan aksara Murda bisa saktembung ditulis kanthi aksara Murda kabeh uga bisa mung nulis salah sawijine aksara Murda kang ana wae, tuladhaning panulisan jeneng, bisa ditulis ing ngarep, tengah utawa mburi. Banjur model pakurmatan kang uga nduweni sistem mirip aksara Murda yaiku aksara Swara Murda. Amarga sistem panulisan padha, mula didadekake siji dadi gugus aksara Murda. Aksara murda (konsonan) kadapuk saka 8 huruf, yaiku *na, ka, ta, sa, pa, nya, ga, ba*, lan sekabehane nduweni pasangan kang manggon ana ing ngisor. Dene aksara swara murda (vokal) kadapuk saka 5 huruf yaiku *A, I, U, E, O*.

METODHE PANLITEN

Panliten iki minangka panliten eksperimen kuantitatif inferensial. Kuantitatif inferensial yaiku panliten kang ngandharake analisis dhata numerik utawa angka nggunakake metodhe statistik kang nganalisis dhata sampel kang asile ditujukake kanggo populasi (Sugiono, 2010:148). Panliten eksperimen yaiku panliten kang digunakake kanggo ngukur samubarang utawa saperangan variabel tumrap variabel liyane. Danim (sajrone Syamsuddin, 2009:151) ngandharake menawa panliten eksperimen digunakake kango meruhi sesambungan sebab-akibat, kanthi cara nliti siji utawa luwih kelompok eksperimental lan siji utawa luwih kahanan eksperimen. Asile banjur dibandhingake karo siji utawa luwih kelompok kontrol kang ora diwenehi pangetrapan. Arikunto (2010:206), uga nambahi yen panliten eksperimen uga diajab bisa meruhi ana lan orane akibat saka sawijining bab kang ditampa dening subjek.

Panliten iki minangka panliten eksperimen kanthi jenis *Quasi Experimental Design* iki nggunakake dhesain *Nonequivalent Control Group Design*, kaya kang diandharake sadurunge. Dene pola saka dhesain *Nonequivalent Control Group Design*.

Saben panliten nduweni variabel, yaiku variabel kang menehi pangaribawa utawa variabel *bebas* lan variabel kang tuwuhal jalaran variabel *bebas* utawa biyasa kasebut variabel *terikat*. Sasajrone panliten iki uga nduweni kaloro variabel kasebut.

1. Variabel utama/*bebas* : metodhe TGT (Team Game Turnamen).
2. Variabel *terikat* : nulis aksara Murda lan aksara Swara.

Populasi yaiku sekabehane subjek panliten. Menawa panliti kepingin nliti sekabehane elemen kang ana ing wilayah panliten, panliten kasebut diarani panliten populasi utawa studi populasi (Arikunto, 2010:172), dene sampel yaiku saperangan utawa wakil saka populasi kang ditiliti. Menawa kang ditliti mung saperangan saka populasi panliten kasebut diarani panliten sampel (Arikunto, 2010:174). Panliten eksperimen iki mbutuhake rong kelas kanggo lumakune panliten, kelas eksperimen lan kelas kontrol. Kelas kang dijupuk minangka kelas sempel ing kene yaiku kelas IXA lan IXB.

Instrumen panliten yaiku piranti utawa fasilitas kang digunakake karo panliti sasajrone ngumpulake dhata supaya pakaryan kang diayahi liwi gampang lan asile luwi apik (Arikunto, 2010:203). Ing panliten iki validasi instrumen

ditindakake dening wong kang nduweni kompetensi ing babagan piwulangan basa Jawa, yaiku dosen pembimbing, lan guru pelajaran basa Jawa ing SMP Laboratorium Unesa, lan kanca sejawat. Instrumen kang digunakake, yaiku RPP, tes, angket lan observasi.

Tahap ngumpulake dhata ing panliten iki diayahi kanthi nggunakake ; teknik tes kang arupa soal subjektif kanthi criteria pambiji kang wis ditemtokake; teknik angket nggunakake angket tarbuka, yaiku responden mung mangsuli angket nganggo tanda (v); lan observasi kang ditindakake dening guru kanthi kriteria pambiji kang wis ditemtokake, kango meruhi efektifitas ranah sikap siwa. Banjur, analisi dhata ditindakake sawise dhata dikumpulake banjur diolah kanthi nemtokake skm, reliabilitas instrumen, signifikansi ranah sikap, t-signifikansi, lan nguji hipotesis.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Ing bab iki bakal diandharake ngenani asil panliten kang wis ditindakake dening panliti ing wulan April 2015. Panliten iki nggunakake rong klas minangka klas eksperimen lan klas kontrol minangka klas pebandhing. Saben klas panliten katindakake rong panliten yaiku *pre-test* lan *post-test* ing klas kontrol lan klas eksperimen.

Asil Uji Instrumen

Adhedhasar pangitungan reliabilitas soal *pre-test* panliten 1 nuduhake asil $r_{itung} = 0,508$. Asil r_{itung} kasebut luwih gedhe tinimbang $r_{tabel} = 0,404$. Adhedhasar asil kasebut bisa diweruhi yen $r_{itung} = 0,508 > 0,404$, saengga didudut yen instrumen soal *pre-test* ing panliten iki wis ‘reliable’, utawa dipercaya lan layak digunakake kanggo panliten ing klas eksperimen.

Adhedhasar pangitungan *reliabilitas* soal *post-test* panliten 2 nuduhake asil $r_{itung} = 0,575$. Asil r_{itung} kasebut luwih gedhe tinimbang $r_{tabel} = 0,404$. Adhedhasar asil kasebut bisa diweruhi yen $r_{itung} = 0,575 > 0,404$, saengga didudut yen instrumen soal *post-test* ing panliten iki wis ‘reliable’, utawa dipercaya lan layak digunakake kanggo panliten ing klas eksperimen

Adhedhasar pangitungan *reliabilitas* soal angket nuduhake asil $r_{itung} = 0,762$. Asil r_{itung} kasebut luwih gedhe tinimbang $r_{tabel} = 0,404$. Adhedhasar asil kasebut bisa diweruhi yen $r_{itung} = 0,762 > 0,404$, saengga didudut yen instrumen angket ing panliten iki wis ‘reliable’, utawa dipercaya lan layak

digunakake kanggo ngumpulake dhata panliten arupa respon siswa ing klas eksperimen. Saengga bisa didudut menawa instrumen panliten kang digunakake wis reliable kanggo proses piwulangan.

Asil Panliten 1

Adhedhasar asil pasinaone siswa kelas kontrol, bisa diawas menawa ana undhak-undhakan kawasisan nulis nganggo aksara Jawa kanthi aksara Murda lan aksara Swara saka *pre-test* lan *post-test*. Bisa diawas yen biji rata-rata saka *pre-test* menyang *post-test* kang ana undhak-undhakan yaiku 71,04menyang 73,91. Rata-rata kasebut wis nuduhake yen saperangan siswa nduweni biji luwih apik nalika *post-test* tinimbang *pre-test*. Bisa diweruhi yen $t_{hitung} = 1,800$, dene kanthi db = 24 diweruhi $t_{tabel} = 1,717$, saengga bisa dideleng yen t_{hitung} luwih endhek tinimbang t_{tabel} kanthi taraf *signifikansi* 5% yaiku $1,800 > 1,717$.

Asil pasinaon siswa kelas eksperimen uga nuduhake undak-undakan.Bisa diawas yen biji rata-rata saka *pre-test* menyang *post-test* ana undhak-undhakan yaiku 72 menyang 80,625. Pangitunga *t-signifikansi* ngasilake $t_{hitung} = 7,456$ dene t_{tabel} diweruhi = 1,717 saka taraf *signifikansi* 5% kanthi db=23. Adhedhasar asil kasebut bisa didudut yen t_{hitung} luwih gedhe tinimbang t_{tabel} yaiku $7,456 > 1,717$. Asil iki luwih gedhe tinimbang asil efektifitas klas kontrol.

Asil *efektivitas* piwulangan panliten 1 klas kontrol lan klas eksperimen nuwuhake *t-tes signifikansi* kang diitung ngasilake $t_{hitung} = 4,566 > 2,012 t_{tabel}$ ($0,05 db = 46$). Adhedhasar asil kasebut bisa diweruhi yen ana pambeda kang signifikan antarane piwulangan ing klas kontrol kang tanpa nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) lan klas eksperimen kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) ateges H_0 ditolak lan H_i ditrima.

Asil Panlite 2

Adhedhasar asil pasinaon kelas kontrol, katon ora ana undhak-undhakan kawasisan nulis nganggo aksara Jawa kanthi aksara Murda lan aksara Swara saka *pre-test* lan *post-test*. Bisa diawas yen biji rata-rata saka *pre-test* menyang *post-test* mudhun saka 74,1 menyang 74,08. Pangitungan efektivitas nuduhake yen $t_{hitung} = 0,138$, dene kanthi db = 24 diweruhi $t_{tabel} = 1,713$, saengga bisa dideleng yen t_{hitung} luwih endhek tinimbang t_{tabel} kanthi taraf *signifikansi* 5% yaiku $0,138 < 1,713$.

Asil pasinaon kelas eksperimen katon ana undhak-undhakan kawasisan nulis nganggo aksara

Jawa kanthi aksara Murda lan aksara Swara saka *pre-test* lan *post-test*. Bisa diawas yen biji rata-rata saka *pre-test* menyang *post-test* ana undhak-undhakan yaiku 85,2 menyang 90,04, kanthi pangitungan *t-signifikansi* kang ngasilake $t_{hitung} = 6,666$ dene t_{tabel} diweruhi = 1,717 saka taraf *signifikansi* 5% kanthi db=23. Adhedhasar asil kasebut bisa didudut yen t_{hitung} luwih gedhe tinimbang t_{tabel} yaiku $6,666 > 1,717$

Asil *efektivitas* panliten 2 klas control lan klas eksperimen nuduhake asil *t-tes signifikansi* $2,250 > 2,012 t_{tabel}$ ($0,05 db = 46$). Asil kasebut nuduhake yen ana pambeda kang signifikan antarane piwulangan ing klas kontrol kang tanpa nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) lan klas eksperimen kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) ateges H_0 ditolak lan H_i ditrima. Ananging asil *t-tes signifikansi* ing panliten 2 mudhun saka sadurunge yaiku 4,556 menyang 2,250. Kahanan kasebut dijalari dening sebab-sebab tartamtu.

Efektivitas Ranah Sikap

Tintingan Efektivitas Asesmen Prilaku Berkarater ing Klas Kontrol lan Klas Eskperimen

Adhedhasar pangitungan biji *t-tes signifikansi* kang diitung ngasilake t_{hitung} , yaiku $0,865 < 2,012 t_{tabel}$ ($0,05 db = 46$) ing panliten 1, lan $t_{hitung} = 2,017 > 2,012 t_{tabel}$ ($0,05 db = 46$) ing panliten 2. Antarane panliten 1 lan panliten 2 nuwuhake asil signifikan kang beda. Asil *t-tes* kasebut nuduhake yen ing panliten 1 asil efektivitas asesmen *prilaku berkarater* ing klas kontrol lan klas eksperimen kagolong ora signifikan ateges ora ana pambeda antarane klas kontrol lan klas eksperimen amarga ora nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara. Ing panliten 2 ana pambeda kang signifikan saka asil *efektivitas* asesmen *prilaku berkarater* ing klas kontrol lan klas eksperimen ateges *efektivitas* asesmen *prilaku berkarater* ing klas kontrol kang ora nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara, lan klas eksperimen kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara kagolong signifikan.

Tintingan Efektivitas Asesmen Ketrampilan Sosial ing Klas Kontrol lan Klas Eskperiment

Adhedhasar t-tes *signifikansi* kang wis diitung ngasilake t_{itung} , yaiku $0,605 < t_{tabel} 2,012$ ing panliten 1, lan $t_{itung} = 2,053$, dene $t_{tabel} = 2,012$ kanthi $db = 46$ ing taraf signifikansi 0,05 ing panliten 2. Antarane panliten 1 lan panliten 2 uga nuwuhake asil signifikansi kang beda. Adhedhasar asil t-tes kasebut bisa didudut yen asil *efektivitas* asesmen *ketrampilan sosial* ing klas kontrol lan klas eskperiment ing panliten 1 kagolong ora signifikan ateges ora ana pambeda antarane klas kontrol lan klas eskperiment amarga ora nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara. Ing panliten 2 kagolong signifikan ateges ana pambeda kang signifikan saka asil *efektivitas* asesmen *ketrampilan sosial* ing klas kontrol kang ora nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara, lan klas eskperiment kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara kagolong signifikan. Mula bisa diarani yen ana pambeda kang signifikan antarane piwulangan ing klas kontrol lan klas eskperiment

Pangribawane Metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) Kanthi Medhia *Puzzle* Aksara Tumrap Kawasian Nulis Aksara Murda lan Aksara Swara

Panliten iki dipunjerake ing materi nulis aksara murda lan aksara swara. Sajrone nindakake panliten iki, panliti nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara. Klas kang dienggo yaiku klas IX B minangka klas kontrol lan IX A kanggo klas eksperiment. Panliten iki nggoleki anal an orane pambeda ing klas kontrol yaiku klas kang ora nggunakake metodhe lan klas eksperiment kang nggunakake TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara, saengga bisa diweluhi anal an orane pangaribawa metodhe kasebut ing piwulangan nulis aksara murda lan aksara swara.

Panliten ditindakake kaping pindho ing klas kontrol lan klas eksperiment. Panliten 1 lan panliten 2. Piwulangan ing klas kontrol ditindakake tanpa pangetrape metodhe nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara, lan amung nggunakake metodhe ceramah sajorne proses pasinaon. Piwulangan ing klas kontrol kang ora nggunakake metodhe nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara nuwuhake asil ora anane pambeda kang signifikan antarane pre-

test lan post-test ing klas kontrol. Kahanan kasebut amarga guru amung nerangake materi nganggo metodhe ceramah, saengga siswa ngrasa kurang smangat anggone sinau, saliyane kuwi piwulangan dadi kurang nengsemake. Kahanan kang kaya mangkono njalari siswa males anggone aweh kawigaten marang katrangan kang diwenehake guru, lan uga njalari siswa ngrasa bosen nalika nggarap soal kang diwenehake. Kahanan kasebut uga bisa dideleng nalika nindakake post-test ing klas kontrol, siswa kurang nggatekake lan luwih seneng nggatekake samubarang kang luwih narik kawigaten tinimbang nggrungokake guru ceramah, saengga amung siswa tartamtu wae kang nduweni kawasian luwih tinimbang siswa liyane.

Ing piwulangan klas eskperiment digunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara kanggo nyengkuyung piwulangan nulis aksara murda lan aksara swara. Ing klas eksperiment uga ditindakake *pre-test* lan *post-test* kango meruhi ana lan orane pambeda asil nalika sadurunge lan sawise diwenehi piwulangan nganggo metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara. Ing *pre-test* panliten 1 klas esperimen, asil sinaune siswa durung bisa nyukupi KKM yaiku 72, lan isih akeh siswa kang durung tuntas yaiku 19 siswa kang dudung tuntas anggone nindakake *pre-test*. Ing *post-test* asile siswa nuduhake undhak-undhakan yaiku 80,62. Siswa kang durung tuntas mudhun saka 19 menyang 9. Undhak-undhakan kasebut amarga anane piwulangan nulis aksara murda lan aksara swara nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara. Siswa ngrasa seneng nalika nindakake proses pasinaon nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara amarga ditrapake kanthi cara dolanan utaga game antar klompok pasinaon, saengga siswa ora ngrasa bosen banjur bisa nampa piwulangan sabanjure. Metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara uga njalari siswa konsektensi lan nglatih ketrampilan sosial siswa yaiku mekarya bebarengan karo klompok sinaune, amarga kalah menage lomba utawa game ditemtokake dening kualitas klompoke. Siswa rumangsa seneng amarga klompok kang meneng bakal diwenehi hadiyah minangka apresiasi saka guru tumrap prestasine. Mula ing piwulangan sabanjure bisa ditampa kanthi apik dening siswa, amarga ana kang beda tumrap swasana piwulangan. Ing panliten 2, asil *pre-test* siswa wis kagolong tuntas yaiku 83,9 lan mundhak ing *post-test* = 90,04.

Adhedhasar andharan kasebut, bisa diweduhi yen ana pambeda ang sinifikan ing piwulangan klas kang ora nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara lan klas kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara. Sawise nggunakake metodhe kasebut katon ana pambeda kang arupa undhak-undhakan tumrap asile *pre-test post-test* lan katuntasan siswa ing klas eksperimen saengga metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara nduweni pangaribawa tumrap kawasan siswa anggone nulis ukara lan nulis paragraf nggunakake aksara murda lan aksara swara.

Asil Angket Siswa

Adhedhasar tabel kasebut bisa dideleng respons siswa tumrap piwulangan ing klas eksperimen kang gegayutan karo pangetrape angket kang digunakake kanggo ngumpulake dhata kadhapuk saka 10 pranyatan lan saben pranyatan nduweni skor wiwit 1 nganti 5. Tabel kasebut uga nuduhake presentase kang diduweni dening saben pranyatan.

Ing pranyatan 1, Sinau nggunakake metodhe TGT kanthi media *puzzle* aksara minangka bab anyar tumrap siswa nuwuhake asil 18 utawa 75% siswa sarujuk banget, 6 utawa 25% siswa sarujuk. Saka asil kasebut bisa didudut yen siswa sarujuk banget metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* minangka bab anyar ing piwulangan basa Jawa siswa klas eksperimen, ing piwulangan sadurunge metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* durung nate ditrepake ing klas eksperimen khususe ing piwulangan basa Jawa.

Pranyatan 2, Sinau nggunakake metodhe TGT kanthi media *puzzle* aksara minangka metodhe kang nengsemake nuwuhake asil 13 utawa 54,16% siswa sarujuk banget, 10 utawa 41,66% siswa sarujuk, lan 1 utawa 4,16% siswa kurang sarujuk. Asil kasebut nuwuhake panemu yen siswa klas eksperimen sarujuk yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* minangka metodhe kang nengsemake ing piwulangan nulis aksara Murda lan aksara Swara, nanging

ana 1 siswa kang kurang sarujuk yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* minangka metodhe kang nengsemake.

Pranyatan 3, Metodhe TGT kanthi media *puzzle* aksara menehi siswa pituduh supaya nulis nganggo aksara Murda bisa luwih gampang ngasilake 11 utawa 45,83% siswa sarujuk banget, 10 utawa 41,66% siswa sarujuk, lan 3 utawa 12,5% siswa kurang sarujuk tumrap paranyatan iki. Ateges siswa klas eksperimen sarujuk yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* bisa menehi pambiyantu tumrap piwulangan nulis aksara Murda lan aksara Swara, dene 3 siswa liyane kurang sarujuk yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* bisa menehi pituduh supaya nulis aksara Murda bisa luwih gampang.

Pranyatan 4, Metodhe TGT kanthi media *puzzle* aksara nuwuhake minat siswa jrone nulis aksara Murda nuwuhake asil 11 utawa 45,83% siswa sarujuk banget, 10 utawa 41,66% siswa sarujuk, 2 utawa 8,33% siswa kurang sarujuk, lan 1 utawa 4,16% ora sarujuk marang pranyatan iki. Dhata kasebut nuduhake 11 siswa sarujuk banget yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* bisa nuwuhake minat siswa sajrone nulis aksara Murda lan aksara Swara, 10 siswa sarujuk yen pranyatan iki bisa nuwuhake minant sajrone sinau basa Jawa, 2 siswa kurang sarujuk yen yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* bisa nuwuhake minat sinaune siswa lan 1 siswa ora sarujuk marang pranyatan iki.

Pranyatan 5, Metodhe TGT kanthi media *puzzle* aksara kang ditrepake bisa mbiyantu siswa ngeling-eling aksara Murda jrone piwulangan nulis aksara Murda lan aksara Swara ngasilake 11 utawa 45,84% siswa sarujuk banget, 10 utawa 41,66% siswa sarujuk, lan 3 utawa 12,5% siswa kurang sarujuk. Adhedhasar dhata kasebut bisa didudut yen saperangan gedhe siswa sarujuk yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* bisa mbiyantu siswa ngiling-ililing materi kang wis diwenehake. Dene 3 siswa kurang sarujuk yen metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* bisa mbiyantu siswa ngiling-ililing

materi aksara Murda. Ing pranyatan 6, nalika piwulangan lumaku, swasana sinau nengsemake nuwuhake asil 9 utawa 37,5% siswa sarujuk banget, 12 utawa 45,83% sarujuk, lan 3 utawa 12,5% kurang sarujuk. Adhedhasar dhata kasebut bisa diweruhi yen miturut saperangan gedhe siswa swasana sinau nengsemake nalika piwulangan lumaku, dene 3 siswa liyane kurang sarujuk yen swasana sinau nengsemake.

Pranyatan 7, guru nerangake materi kanthi cetha lan nengsemake nuduhake asil 5 utawa 20,83% siswa sarujuk banget, 16 utawa 66,6% siswa sarujuk, 2 utawa 8,33% siswa kurang sarujuk lan 1 utawa 4, 16% siswa ora sarujuk. Asil kasebut menehi dudutan yen saperangan gedhe siswa sarujuk yen anggone guru nerangake materi wis cetha lan nengsemake, 3 siswa kurang sarujuk lan 2 siswa ora sarujuk yen guru wis nerangake materi wis cetha lan nengsemake. Pranyatan 8 yaiku aku ngerasa ana owah-owahan jrone kawasian nulis aksara Murda sawise nggunakake metode TGT kanthi media *puzzle* aksara ngasilake 4 utawa 16,6% siswa sarujuk banget, 17 utawa 70,83% siswa sarujuk, lan 3 siswa kurang sarujuk. Asil kasebut nuduhake yen saperangan gedhe siswa klas eksperimen ngerasa yen ana owah-owahan kawasian aksara Murda sawise nggunakake metode TGT kanthi media *puzzle*. Dene 3 siswa kurang sarujuk marang pranyatan iki.

Pranyatan 9, aku pitaya asil sinau nulis nganggo aksara Murda bakal mundhak sawise nggunakake metode TGT kanthi media *puzzle* aksara nuwuhake asil 4 utawa 16,6% siswa sarujuk banget, 18 utawa 75% siswa sarujuk, 1 utawa 4,16% siswa kurang sarujuk, lan 1 utawa 4,16% siswa ora sarujuk. Dhata kasebut nuduhake yen siswa klas eksperimen percaya yen asil sinaune bakal mundhak sawise sinau nganggo metode TGT kanthi media *puzzle* aksara, dene 1 siswa kurang sarujuk lan 1 siswa ora sarujuk yen asil sinaune bakal mundhak sawise sinau nganggo metodhe TGT kanthi media *puzzle* aksara. Pranyatan 10, aku dadi semangat ing piwulangan basa Jawa nalika nggunakake metodhe lan media piwulangan kang nengsemake nuwuhake asil 7 utawa

29,16% siswa sarujuk banget, 13 utawa 54, 16% siswa sarujuk, lan 4 utawa 16,6% siswa kurang sarujuk.

Adhedhasar andharan saben pranyatan kasebut bisa didudut yen siswa durung nate sinau nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* aksara ing piwulangan nulis aksara Murda lan aksara Swara. Metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* minangka metodhe kang nengsemake ing piwulangan nulis aksara Murda lan aksara Swara, nanging ana 1 siswa kang kurang sarujuk. Metodhe TGT kanthi media *puzzle* aksara kang ditrepake bisa mbiyantu siswa ngiling-ililing aksara Murda jrone piwulangan nulis aksara Murda. Siswa uga seneng lan ngrasa yen swasana nalika piwulangan lumaku nengsemake. Saliyane kuwi, lumantaran metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi media *puzzle* siswa pitaya yen asil sinaune bakal mundhak lan siswa uga ngrasa semangat yen sinau nggunakake metodhe lan medhia kang nengsemake sajrone piwulangan basa Jawa.

PANUTUP

Dudutan

Dudutan saka asil panliten kang ditindakake ing klas kontrol lan klas eksperimen, panliten 1 lan asil panliten 2 sarta pangribawane metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara, lan simpulan hipotesis, yaiku

- 1) Asil panliten 1: ana pambeda kang signifikan antarane piwulangan ing klas kontrol kang tanpa nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) lan klas eksperimen kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) ateges H_0 ditolak lan H_i ditrima.
- 2) Asil panliten 2: ana pambeda kang signifikan antarane piwulangan ing klas kontrol kang tanpa nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) lan klas eksperimen kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) ateges H_0 ditolak lan H_i ditrima. Ananging asil t-tes *signifikansi* ing panliten 2 mudhun saka sadurunge yaiku 4,556 menyang 2,250. Kahanan kasebut dijalari dening sebab-sebab tartamtu.

- 3) Pangribawane metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) tumrap kawasisan nulis aksara murda lan aksara swara klas VIII yaiku ana pengaruh ing klas eksperimen minangka klas kang diwenehi pangetrape metodhe TGT. Ana undhak-undhakan asil pasinaon siswa sadurunge lan sawise diwenehi pangetrape metodhe. saengga metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia pambiyantu *puzzle* aksara nduweni pangribawa tumrap kawasisan nulis ukara lan nulis paragraf nggunakake aksara murda lan aksara swara.
- 4) Simpulan hipotesis: adhedhasar asil t-tes *signifikansi* kang diitung ngasilake $t_{itung} = 4,566 > 2,012 t_{tabel}$ ($0,05 \text{ db} = 46$) ing panliten 1 lan t-tes *signifikansi* $2,250 > 2,012 t_{tabel}$ ($0,05 \text{ db} = 46$), mula bisa diweruhi yen H_0 ditolak lan H_i ditrima, ateges ana pambeda kang signifikan antarane klas control kang tanpa nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara lan klas eksperimen kang nggunakake metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara.

5.2 Pamrayoga

Panliten pangribawane metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) kanthi medhia *puzzle* aksara tumrap kawasisan nulis aksara Murda lan aksara Swara ing klas VIII SMP Laboratorium Unesa iki diajab bisa menehi pambiyantu kanggo panliten penelitian klas sabanjure. Panliti anggone nggarap panliten iki oleh pambiyantu saka dosen pembimbing skripsi, guru pamong lan kanca-kanca seawat. Panliten kanthi irah-irahan “Pangetrape Metodhe TGT (*Team Game Turnamen*) Kanthi Medhia *Puzzle* Aksara Tumrap Kawasisan Nulis Aksara Murda Lan Aksara Swara Ing Klas VIII SMP Laboratorium Unesa” iki isih adoh saka tembung sampurna, mula panliti nyuwun pangapura yen ana salah lan kurange anggone nyusun asil panliten iki. Kanthi ndeleng panliten iki, panliti ngajab supaya panliten pembelajaran kang sabanjure bisa luwih variatif lan inovatif.

Kanggo panliten pembelajaran kang sabanjure, sajrone piwulangan basa Jawa guru minangka *fasilitator* kudu nduweni maneka werna sumber piwulangan kanggo siswa. Supaya siswa bisa oleh informasi-informasi anyar tumrap piwulangane saengga siswa bisa aktif ing proses piwulangane kanthi panyengkuyunge asil inovasine guru kayata metodhe, teknik, model lan medhia pembelajaran kang bisa nggundakake kawasisane siswa sajrone proses piwulangan. Ing panliten sabanjure, panliti

ngajab supaya bisa luwih apik lan bisa nuwuhake sarana piwulangan kang luwih *kreatif* lan *inovatif*.

KAPUSTAKAN

- Akhadiah. 1986. *Menulis II*. Jakarta: Universitas Terbuka
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Basir, Udjung. 2011. *Ketrampilan Menulis*. Surabaya: Penerbit BINTANG Surabaya.
- Dalman. 2014. *Ketrampilan Menulis*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Danim, Sudarwan. 2008. *Media Komunikasi Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Hasan, Iqbal. 2002. *Metodologi Penelitian*. Jakarta :Ghalia Indonesia
- Indriana, Dina. 2011. *Ragam Alat Bantu Media Pengajaran*. Jogjakarta: Diva Press.
- Isjoni. 2009. *Cooperatif Learning*. Bandung: Alfabeta.
- Keraf, Gorys. 2001. *Argumentasi Dan Narasi* : Cetakan IV. Jakarta: PT. Gramedia.
- Pamungkas, Sri. 2012. *Bahasa Indonesia dalam Berbagai Perspektif*. Yogyakarta : CV Andi Offset
- Padmosoektojo. 1992. *Wewaton Panulise Basa Jawa Ngango Aksara Jawa*. Surabaya : Citra Jaya Murti.
- Pringgawidagda, Suwarno. 2002. *Strategi Penggunaan Berbahasa*. Yogyakarta: Aditya Karya Nusa
- Rusman. 2012. *Model Model Pembelajaran: Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: PT. RajaGrafindo Persada.
- Sadiman, Arief S. 2010. *Media Pendidikan: Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: Rajawalipers

- Slavin, Robert E.2005.*Cooperative Learning : Teori, Riset dan Pratik.* Bandung: Penerbit Nusa Media.
- Sudjana, N. 1996.*Dasar-dasar Proses Belajar Mengajar.* Bandung: Sinar Baru Algensindo
- Sugiono. 2010. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif dan R &D.* Bandung: Alfabeta
- Suparno lan Muh Yunus. 2007. *Ketrampilan Dasar Menulis.* Jakarta: Universitas Terbuka
- Sutopo, H.B.2002.*Metodologi Penelitian Kualitatif - Dasar Teori dan Terapannya dalam Penelitian.* Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Syamsudin lan Damaianti.2009.*Metode Penelitian Pendidikan Bahasa.* Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Targian, Henry Guntur. 2006. *Menulis Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa.* Bandung: Angkasa
- Tim Penyusun. 2014. *Buku Panduan Skripsi.* Surabaya: FBS UNESA.
- Internet :**
- Epeni,Hani.2010.*Manfaat Bermain Puzzle* (<http://permainananakmuslim.blogspot.com>, diunduh tanggal 15 Maret 2015 jam 9.45)
- Syukron.2011.*Jenis Jenis Puzzle.* (<http://syukronsahara.blogspot.com>, diunduh tanggal 15 Maret 2015 jam 9.45)
- Yudha.-. (sajrone Alim, <http://ejournal.unesa.ac.id>, diunduh tanggal 15 Maret 2015 jam 9.45)
- Yusuf.2013.*Profesionalisme Guru (Analisis UU No. 14 Tahun 2005 Tentang Guru dan Dosen).* (<http://www.tintaguru.com/2013/05/profesionalisme-guru-analisis-uu-no-14.html>, diunduh tanggal 3 Maret 2015 jam 9.14)
- Yuliyanti.2013.*Pendidikan Wajib Belajar 9 Tahun.* (<http://yuliyanzez.blogspot.com/2013/01/pendidikan-wajib-belajar-9.html>, diunduh tanggal 3 Maret 2015 jam 9.30)
- .-.Menulis.Id.wikipedia.org/wiki/menulis, (diunduh tanggal 06 Juni 2014 jam 11.30)
- <http://dududth.blogspot.com/2012/08/belajar-aksara-jawa-yang-terlupakan.html> diakses tanggal 08 Juni 2014 jam 12.15
- 2014.*Definisi Paragraph Beserta Jenisnya Menurut Pakar Bahasa.* www.seputarpengetahuan.com(diunduh tanggal 10 Juni 2015 jam 11.03)

